

Pwogram pou Tibebe ak Timoun Piti Karolin Dinò

Kesyon yo poze souvan Revizyon Finansyè ak Ajisteman pou Difikilte

1. Poukisa ITP a gen yon pwosesis revizyon finansye ak ajisteman pou difikilte?

Pwosesis sa a asire ke chanjman espesifik nan sitiyasyon finansyè yon fanmi yo konsidere, lè sa nesesè, pou detèmine kapasite fanmi an pou peye pou sèvis yo. Kapasite pou peye pou sèvis yo detèmine pa Echèle Frè Glisman ITP a (SFS). SFS la baze sou gwo sèvis initie fanmi an ak revni brit ajiste fanmi an (AGI) ki verifye a.

2. Pou ki sitiyasyon finansye espesifik mwen ka mande yon ajisteman pou difikilte?

Yo ka fè yon demann ajisteman aksòz difikilte pou chanjman ki ka afekte anpil kapasite yon fanmi pou peye pou sèvis yo. Kategori difikilte yo se pèt kay, pèt travay/revni oswa gwo depans medikal pou ane aktyèl la .

3. Kijan pou m mande yon ajisteman pou difikilte?

Ranpli Aplikasyon pou Revizyon Finansye ak Ajisteman pou Difikilte pou kòmanse pwosesis la. Kowòdinatè sèvis ou a ka ede w ak pwosesis sa a.

4. Ki dokiman sipò ki nesesè pou soumèt yon aplikasyon?

Anba la a, gen kèk egzanp pou chak kategori difikilte. Biwo biznis CDSA a ka mande plis enfòmasyon verifye.

Pèt Kay:

- Reklamasyon asirans pou pèt total/pèt empòtan ki oblige fanmi an demenaje
- Dokiman labank ki montre aksyon ki nesesè yo, si labank sezi li.

Pèt Travay oswa Revni:

- Enfòmasyon sou chomaj ak nenpòt enfòmasyon sou benefis
- Avi nan men anplwayè a
- Si pa gen yon lèt verifikasiyon nan men anplwayè a, fanmi an ka soumèt yon lèt ki gen ladan:
 - non ansyen anplwayè a
 - enfòmasyon kontakte
 - dat chanjman nan travay la
 - kantite revni pèdi

Si CDSA a ka verifye enfòmasyon an, li ka itilize pou dokimante bezwen an.

Gwo Depans Medikal Depans ki soti nan Pòch Moun:

- Depans medikal yo dwe:
 - rive nan ane kalandriye aktyèl la
 - pa ka ranbouse oswa ranbousab nan yon Kont Epay Sante
 - Total depans ki fèt pa moun nan dwe egal a oswa depase pouvantaj AGI aktyèl ke Sèvis Entèn Revni an itilize a, epi tou li dwe satisfè definisiyon IRS la sou depans medikal otorize. Pou pouvantaj AGI aktyèl la ak definisiyon depans medikal otorize yo, tanpri al gade *Enstriksyon pou Orè A* sou sitwèb IRS la (irs.gov).
- Fakti medikal, resi peman ki fèt, ak eksplikasyon benefis yo (EOB)
- Enfòmasyon sou plan asirans / kat abònèn si li pa deja anrejistre nan CDSA

5. Kilè m ap konnen si yo apwouve demann mwen an?

CDSA a dwe pran yon desizyon nan lespas 30 jou apati dat li te resevwa tout dokiman aplikasyon yo mande yo. CDSA a ap verifye lè yo resevwa tout dokiman ki nesesè yo. Yo pral mete dat sa a sou fòm aplikasyon an. W ap resevwa yon lèt k ap fè w konnen eta aplikasyon w lan. Y ap fè yon reyinyon IFSP, si sa nesesè, pou revize desizyon an, mete IFSP a ajou, epi ranpli papye finansye yo. Yon fanmi ka swiv pwosesis rezolisyon plent leta a an ka diskisyon.